



BUPATI WONOSOBO

PAMEDHAR SABDA BUPATI WONOSOBO ING ADICARA HALAL BIL HALAL PERMADANI

MINGGU, 27 APRIL 2025

**Assalamu'alaikum Warohmatullohi Wabarokatuh,
Karaharjan, kawidadan peparingipun Gusti Inggang
Hamurbo Alam, sawegung handayani tumuruning anubowo
kabagaskwarasan inggang tansah kajiwo kasaliro
dhumateng panjenengan sedoyo lan kulo sumrambah
kulowargo, satemah manggih kayuwanan tetepo lestari
widodo.**

- **Poro sesepuh pinisepuh inggang satuhu kinabekten;**
- **Wakil Bupati, bopo AMIR HUSEIN inggang kinurmat;**
- **Poro Jajaran Forum Koordinasi Pimpinan Daerah
Kabupaten Wonosobo soho Poro Pimpinan OPD inggang
Sinudarsono;**
- **Ketua DPD Permadani ing sakupeng Kabupaten
Wonosobo, inggang winengku ing karahayon;**
- **Poru ketua organisasi masyarakat sanesipun inggang
kalinggo kawilujengan;**

- Ketua DPD Permadani Wonosobo dalah Ketua-Ketua Bidang miwah Pamong DPD ingkang sinanding karaharjan;
- Wargo Permadani Kabupaten Wonosobo wiwit bregodo I dumugi bregodo XXI (selikur) miwah sanggyaning tamu sinedhahan ingkang bagyo lan mulyo.

Puji syukur konjuk dhumateng Gusti Inggang Moho Asih, Dzat Inggang Moho Tunggal, awit paringipun Rahmat soho Hidayah satemah panjenengan sedoyo lan kulo saged pepanggihan ing kalodhangan ingkang sae meniko, kanthi tebih ing rubedo temah winengku ing karaharjan. Sholawat dalah karahayon saking Allah SWT mugni konjuk dhumateng Nabi Muhammad SAW sumrambah sagunging titah, kalebet panjengan sedoyo lan kulo ingkang tansah ngrantu pitulunganipun ing puputing zaman samangke.

Sagung tamu ingkang kinurmatan,

Hawit taksih wonten ing wulan Syawal, keparengo ing wekdal meniko kulo ngaturaken Sugeng Riyadi 1446 (sewu sekawan atus sekawan doso enem) Hijriyah, sedoyo kalepatan minongko pribadi lan kulowargo, menopo dene Pamarintah Kabupaten Wonosobo, nyuwun agunging aksomo sinartan dedongo, **“TAQABBALALLAHU MINNA WA MINKUM, TAQABBAL YA KARIM, WA JA’ALANAALLAHU WA IYYAKUM MINAL ‘AAIDIN WAL FAAIZIIN WAL MAQBUULIN KULLU AAMIIN WA ANTUM BI KHAIR”**.

Kairing pangajab, mugi-mugi momentum Riyoyo meniko saged ndadosaken kulo lan panjenengan minongko pribadhi ingkang langkung sae, kanthi paring lan nyuwun pangapuntèn awit lepatipun kulo lan panjenengan, ngrajut paseduluran ingkang harmonis, ugi ngrekso mèmèngipun ngibadah. Babagan meniko saged kajumbuhaken kalayan intisari mengeti Idul Fitri, minongko dinten ingkang nyenengaken lan adamel bagyo mulyo lair trusing batin kangge sedoyo ingkang wonten ngalam ndonyo, ingkang kebak swasono jembaring penggalih kangge ngapuro ngapuronan miwah roso tresno asih.

Poro tamu ingkang minulyo ing budi,

Kulo saestu mongkog lan bombong ing jroning kalbu, dene Wargo Permadani Wonosobo wekdal meniko sampun tambah wargo anyar, nun inggih poro pimpinan OPD miwah sawetawis poro Camat ing lingkup Kabupaten Wonosobo, keporo anggenipun nampi dipun subyo-subyo sesarengan naliko Wisudho Purno Wiyoto Pawiyatan Bregodo XXI (selikur), rikolo katiti suryo kaping 16 (nembelas) wulan Desember warsa 2024 (kalih ewu sekawan likur).

Awit saking meniko, dhumateng Ketua DPD Permadani kulo ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpo pepindhan, sinartan pangajab dhumateng poro Pimpinan OPD lan Poro Camat ingkang sampun minongko wargo Permadani, ugi lumintu dhumateng sedoyo wargo Permadani Wonosobo, tetepo gladhen kanthi temen lan taberi nguri-uri kabudayan, mliginipun babagan medharsabdo, murih saged leladhi dhumateng pabrayan agung Kabupaten Wonosobo satemah miguna lan migunani, kanthi lelandhesan **TRI NITI YOGYO (MEMAYU HAYUNING SASOMO, DADOS JURU LADOSING PABRAYAN INGKANG SAE, SADHENGGAH PAKARYAN TANSAH NGREMENAKEN TIYANG SANES)**. Ugi, ageng pangajab kulo, kaprigelan meniko saged ngindhakaken kualitas **komunikasi publik**, mliginipun anggenipun ngaturaken informasi babagan **kebijakan** lan **pembangunan**, murih kawujud komunikasi efektif antawisipun pamarintah lan masyarakat, saenggo kanthi sesarengan, suksesing pembangunan soho gegayuhan mujudaken kemakmuran saged kasembadan.

Sanggyo tamu ingkang winantu ing suko yuwono basuki,

Kabupaten Wonosobo mboten saged uwal saking kiprahing wargo Permadani, mirunggan anggen ndherek nglestantunaken kabudayan tilaran poro leluhur, menopo malih naliko ndherekaken saben-saben pengetan ambal warso Kabupaten Wonosobo, pambiyantu wargo Permadani ingkang tembayatan kalayan Pemerintah Daerah lumantar Dinas Pariwisata dan Kebudayaan, lan kasengkuyung dening poro pametri budoyo saking **Pepadi, MLKI, DKD** soho **Harpi Melati**, lumaksono gangsar lan rancak satemah adicoro pengetan ambal warso Kabupaten Wonosobo saged khidmat lan boten genggang saking adat lan budoyo lokal Wonosobo. Awit saking meniko, kulo minongko sesulih Pamarintah Kabupaten Wonosobo, ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpo pepindhan.


Kaajab dhumateng wargo Permadani Wonosobo, anggen asung pambiyantu dhumateng Pamarintah Daerah ampun kendho, ngamur menopo dene nglembek, keporo malah sansoyo mampang, adreng miwah kapatibroto murih kinaryo patuladhan kangge pabrayan agung Wonosobo. Kairing pangajab ing tembene Permadani saget langkung ngremboko miwah kuncoro, mirunggan kangge nuwuhaken jati dhiri wargo masyarakat ingkang hanjiwo Jowo, satemah anggen mangun bongso dipun imbangi kalayan kualitas manungso ingkang unggul.

Poro tamu ingkang kinurmatan.

Pamarintah Daerah lumantar dinas-dinas terkait saestu paring panyengkuyung dhumateng Permadani Wonosobo anggen badhe nDuduk, nDudah miwah Ngrembakaaken kabudayan tilaran poro leluhur, murih saged unggul ing samukawis babagan budoyo Jowo ingkang datan ginging ing toto kromo lan unggah ungguh.

Sagung tamu ingkang kalinggo ing kawilujengan,
Makaten ingkang saged kulo aturaken, kathah lepat atur nyuwun diagungno aksomo. Kinaryo pungkasaning atur kanthi manjalmaning sesanti, **"TOTO KADULU LUHURING BEKTI, KERTO WIBOWO SABDO RINENGGO"**.

Matur nuwun, Wasono,
Wassalamu'alaikum Warohmatullahi Wabarokatuh.

 **BUPATI WONOSOBO**

AFIF NURHIDAYAT, S.Ag